

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dumasar kana hal éta, méthode anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

Méthode déskriptif mangrupa hiji méthode pikeun ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, nganalisa jeung napsirkeun data (Surachmad, 1983:143). Ieu méthode téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun interférénsi léksikal basa Indonesia kana basa Sunda jeung interférénsi ucapan (fonologis) basa Jawa kana basa Sunda dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayura Bekasi.

#### **3.2 Nangtukeun Sampel**

Pikeun kaperluan panalungtikan diperlukeun sumber data, nya éta subjék pikeun ngahasilkeun data. Di dieu diperlukeun panangtuan sumber data nu disebut populasi. Sudjana (1987:71) nétélakeun yén nu dimaksud populasi nya éta

Totalitas semua nilai-nilai yang sempurna, hasil menghitung ataupun pengukuran kuantitatif maupun kualitatif mengenai karakteristik tertentu dari semua kumpulan yang lengkap dan jelas yang ingin dipelajari sifat-sifatnya.

Dumasar wangenan di luhur, populasi ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi, anu jumlahna 197 urang sarta dibagi kana 6 kelas. Ébréhanana aya dina tabel ieu di handap.

**Tabel 3.2**  
**Populasi Siswa**

No.	Kelas	Jenis Kelamin		$\Sigma$
		L	P	
1	VII-1	14	20	34
2	VII-2	13	21	34
3	VII-3	12	21	33
4	VII-4	10	22	32
5	VII-5	12	20	32
6	VII-6	12	20	32
	Jumlah	73	124	197

Satuluyna dumasar kana populasi di luhur ditangtukeun sampel. Arikunto nyebutkeun yén sampel téh nya éta bagean atawa wakil tina populasi anu ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel random, nya éta sampel anu digunakeun pikeun nangtukeun jumlah siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran nu dijadikeun subjék uji coba. Cara random dina ieu panalungtikan ku cara nyieun gulungan keretas (undian) anu di jerona dituliskeun kelas VII-1 nepi VII-6, jumlah undianna 6, saterusna dikocok nepi ka kaluar siswa anu dipiharep. Sampel ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VII-6 anu jumlahna 32 urang, anu ngawengku 12 lalaki jeung 20 awéwé.

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh ngarang éksposisi

siswa. Ieu tést dilaksanakeun di kelas VII-6. Hasilna mangrupa karangan. Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu karangan téh kieu.

1. ménta idin ka Kepala sekolah;
2. nepungan guru basa Sunda di SMPN 1 Pebayura Bekasi;
3. asup ka kelas VII-6 pikeun ngayakeun tes ngarang éksposisi; jeung
4. ngumpulkeun hasil karangan éksposisi siswa.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku cara siswa dititah nyieun karangan éksposisi anu témana ngeunaan “Pepelak Paré di Sawah”. Hasil karangan ieu dikumpulkeun sarta dianalisis. Pikeun ngagampangkeun nganalisis kecap atawa kalimah anu kainterférensian, digunakeun kartu data saperti ieu di handap.

Conto format kartu data

( 01 / 1 / 3:15,16 )

Pertama-tamana, ngabajak sawah nganggo kebo atawa kalektor.

Keterangan:

Data kasalahan dina ieu panalungtikan, kapanggih dina karangan siswa nomer absen (01), paragraf ka-1, kalimah ka-3.

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik substitusi. Téhnik substitusi nya éta téhnik anu dipaké pikeun niténan bagantina unsur basa nu ka hiji ku unsur basa lian (Sudaryat, 2004:33).

Salian ti éta, téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis kasalahan basa (Tarigan & Tarigan, 1990:188). Ieu téhnik téh mangrupa téhnik analisis kasalahan basa anu mangrupa métode kerja dina maluruh kasalahan-kasalahan siswa kalawan ngagunakeun prosédur nu tangtu.

Dina ngolah data dilaksanakeun sababaraha léngkah kagiatan,

1. Nyusun karnagan luyu jeung nomer urut siswa,
2. Ngodeuan karangan ku unggal angka saperti (01/01/03),
3. Nyirian usnur-unsur interférénsi léksikal basa Indonesia jeung basa Jawa kana basa sunda,
4. Nyalin interférénsi léksikal BS-BI jeung BJ-BS kana kartu data,
5. Ngadaptarkeun kalawan alfabétis data interférénsi léksikal BS-BI jeung interférénsi ucapan (fonologis) BJ-BS.
6. Nganalisis interférénsi léksikal BS-BI jeung interférénsi ucapan (fonologis) BJ-BS.
7. Ngadéskripsikeun jeung nyindekan hasil analisis interférénsi léksikal basa Indonesia jeung basa Jawa kana basa Sunda.